

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.
di Tjandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjandjoer.
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamis.
Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Drukkerij van de Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50
1/32 " f 1,50
Sakali moeat
dibajar ti pajoen
Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih . . . f 1,50 Dibajar tipajoe. Salambar 15 sen.

GRATIS.

Oepami ngintoen ti ajeuna f 1.50 atanapi langkoeng anggoeun langganan Sip., di kintoen Sipatahoenan gratis ti ajeuna doegi ka ping 1 April '28.

Advertentie Boboran Siam.

Para Djoeragan noe ngintoen f 0.50 sareng kartjis, djoneganana dile: et-keun kana Sipatahoenan miringka hatoer silatoerami ka sadaja. Modena sapertos biasa teu kenging langkoeng ti 4 djadjar sakolom. Oepami palaj langkoeng sgeung taripna benten. Ieu ateraan katjida ngentengkeunana ka para Djoeragan margi oepami ngagaleuh kartjis sareng parangka mah sabaraha sesahna sareng sabaraha ongkosna. Katampina ieu tjonto advertentie kedah ping lat ping 25 Siam atanapi ping 17 Maart '28.

Bestuurschool.

Lamoen teu poho, asana koering geus toelastoeis oge tina hal teu sakola, nerangkeun kateupangkeun prakna nampa pimoerideun, katoeroeg ti oeng gawena oge ari noeroetkeun tjaitaan oer leeringanana mah teu sakoemaha, teu narimbangana kana waktoena djadjar anoe deua tahoen ilana. Demi djaba ti kieu teh, dina geus tamatna djadjar teu aja pisan tjirina bedjana, teu aja soeman-teu aja sam-n, dianggap geus pinter bae kabeh: Tjer padahal tjek noe njararita mah, henteu kitoe, biasa bae tjara di sakola noe sedjen aja noe tjekoep, aja noe henteu, malah mah aja noe koerang pisan.

Kasa kieu teh koe matja De Courant tanggal 27 Februari bet kahoe-dang deui, sabab di dina aja noe koetoege gerdeng, njaritakeun kateu-adilana ngasoepkeun. Loba pisan anoe karasa koe anoe baroga hak teu adil, teu noeroetkeun kana koedoe, teu njeompangan kana mistina. Dina sawaktoe ieu mah dijana teu pati merenah, madjarkeun teh, jen saoker tjamat-tjamat ti Osvia atawa djaksa anoe geus 2 taon diensina atawa leuwih, dimana geschikt, sarta tjekoep tempatna, tangtoe bisa asoep. Ari sababna noe matak disnoet teu pati merenah, sabab sok aja kadjadian, anoe patali djeng deui roepa kajaan, nja eta kahidji, koelwedet regen, boh anoe gede djasana, boh noe bisai, kadoea koe boga kruiwagen di moerana.

Tina kadjadian noe kahidji, tjek noe noelis teh tjanah, moel disbeotan ngarauna hidji hidji, sabab koerang hadena, sanadjan sidik noe manwana tjarija oge, bisi koemaha onam. Demi kruiwagen kieu praktiknya. Aja hidji kapsa anoe lain toeronan lehoer, malah teu meuk-meuk atjan, sarta kawinna oge ka awewe biasa bae, lain bangsawan. Tapi koe sabab matebna di Bestuurschoolna boga kruiwagen tee, kapala hidji politieke vereeniging, bat teu boeroeng meunang bintang terang. Bisa laksana asoep ka eta sakola. Katoeroeg-toeroeg teu aja pisan mintjoelakna ti babatoerana.

Sanadjan dina nampana pimoerideun loba kitoe, tapi sok aja oge anoe karasa adil ngalarapkeunana mah, njaeta sok radjeun bener anoe geschikt aloe bener tjakep, misah ti kantjana,

noe kapilih teh. Ngan eta bae tjarang langka ari anoe kieu mah.

Kitoe maksedna eta noe noelis dina kabar teh.

Tjek koering, lamoen enja kitoe kadjadianana, aja Bestuurschool teh asa nambah-nambah kana kateutoer-mamaan (ontevredenheid) noe djadi B. B. ambenaren. Teu toemarimana teu lain dina palebah ngasoepkeunana bae, tapi mandjag, makau ati, nepi ka promotie, tjara ajeuna noe loebral kadjadian, kapau sabagian anoe panggede-gedena anoe bisa djadi Pahl teh, soemawonna ari Dalem mah, saboleh-boleh koedoe ti Bestuur school bae. ngan oekoe hidji deua anoe Osvia woerkeol mah. Toer palahal tjek noe njararita henteu sawasna anoe kaloearan Bestuurschool tjakep digawena, atawa leuwih pisan batan kantjana anoe teu ngaman ka eta sakola. Tjah, sanadjan kitoe "kansa" kana meunang promotie "Zeer gering" pisan. Matak hawatol, ari koe kitoe tea mah!!!

Tjanah palebah geschiktheid, bae pikeun asoep ka Bestuurschool, nepi keur promotie, sok aja kadjadian deui roepa tjajah, njeta, geschikt isare ware zin des woords," tegesna bae tjakepna dina ngadjalakeun tjajana, kamanah koe-noe ti pajoen. teu aja tjawadeunana, djeng "geschikt" ngan ke sapedah bisa koemawoelana bae, ngajoenkeun kahojongna noe djadi doenoengan, kadjeun teuing dibelaan olok tombok, sarta teu ambil poesing, naha matak gesah atawa henteuna ka noe djadi somahan atawa sahandapeun; tjek batoer mah "naar de pijpen van den baas dansen".

Meuricun koe sadajana oge kaerong jen panghadé-hadena, sarta moel matak sirik" noe lobá, ngasoepkeun teh koedoe noeroetkeun geschiktheid, djangan pandang orang tjapi pandang pekerdjaan. Sanadjan tjara poetoe, seke-seler katoe djimboel ari ongeschikt mah teu koedoe diprepeo-joe-keun, gureng mah goreng bae, oelah dinomer-nomer. Sabalikna, sanadjan teu boga geboorte acte (voorselatan burge-ijke stand noe matak retjek), ari pinter, ari geschikt, njeta pidjelema-eunana noe koedoe disoepkeun teh.

Soemawonna eta mah koe ateraan kruiwagen tee, njolok mata boentjeik, teges systeem noeroestoendjoeng. Nja ieu, noe matak goedjoed salelemboer oera-ara sadjadjat teh:

Ari hesena mah, sanadjan tjek koering bieu kurdoe noeroetkeun geschiktheid oge, tangtoe moel sepi, sabab ari geschikt mah sok teu aja oekoerana, seueh ditimbangna, sa bab oenggal-oenggal gewest beda pamanggih noe djadi Chefua. Oepama na, teu atjan poegoh anoe disbeot geschikt di Banten, saroea djeng noe disbeot perchikt di Priangan.

Dina palewah dieu sanadjan geschikt oge ari dibatengan koe milik mah, djaga koedoe pisan. Meusus leuheug lamoen loba mah tempatna, tjekoep-pikeun noe geschikt ti oenggal karesi denan tea, tapi koemaha katoerangan deua atawa tiloe tempat, tjara noe enggeus enggeus; meureum bisa deui bae oubekend maakt onbe mind, noeroetkeun kalandesana tea.

Djadi hadena, ngasoepkeun ka Bestuurschool teh, teu atjan sampoerna, masih loba keneh noe ngadalangkeun teu ngeunah. Oepama aja noe nje-boetkeun, jen tara aja ateraan anoe matak loejoj ka sarerea, bener, me mang kitoe. Tapi ari loba mah "awarilna" tangtoe koedoe diomean, oelah diantep.

Ingetan koering, anoe sidik bakal

nibrakeun ka sarerea mah teu aja lian kadjaba ti eta Bestuurschool tea koe doe dileungitkeun, ari pangdjaranana pindahkeun ka Osvia. Lamoen teu tjekoep waktoena noe ajeuna koe ditambah eta pangdjaran, na matak naon moen ditambah deui, sing nepi ka sampoerana.

Koe djalan kitoe, tangtoe moel aja sisirikan, da atra sarerea pada meunang pangdjaran kitoe. Bodoua pin terne si moerid, sanadjan ka oerang loejoj oge tangtoe nemres moel tjara ajeuna.

Oerang teu koedoe sieun ooho kana saoker noe geus diadjarkeunana di sakola, kapau sakaloeana ti sakola pangartina teh toeloej diparaktekkeun, moel disilem, kapau kapangkatanana oge disbeotna G. A. anoe koe doe noenganana koedoe dietjes-etjeskeun tina sagala roepana.

Koe ateraan kieu tangtoe rata kabeh pangdjaranana, teu aja loehoer handapan, saroea pada ngaranapan, ti semet petra Dalem nepi ka anak ki laen moen aja tea mah noe bisa asoep ka Osvia, teu aja badana. Atoen pengharepanana kana djadi pangkat loehoer, saroea pada nga ogaaun anging laksana henteuna, eta mah kari koemaha milik tea. Ari milikna teu ngantjina teh nja eta dina timbangan geschiktheidna tea. Lamoen teu narik elot di dieu . . . nja eta mah kitoe tea bae, laporr.

Oca Nany.

P. N. I.

(Sambenguan)

Nepi ka noeroepkeunana taon 1927 P. N. I. geus ngabogaan tjabang di 5 tempat, noe 4 di tanah Djawa, sarta noe hidji deui di Oeloe Siamoe (Mendo) Nepi ka tanggal 31 Desember 1927, ngabogaan lid moel koerang ti 2000 djalma, sanadjan lid na kakara sakitoe oge, tapi ari kaja-jaan doerit dina kas mah moeunang disbeot mokaha. ari sababna rea oge anoe ngadeudeul, nadjan anoe lain lid P. N. I. oge, babakobna pisan mah ti Gouvernements Ambtenaren anoe pameojoe kana oedaganana P. N. I. tapi henteu bisa djadi lid lautan rea halangan haroenganana.

P. N. I. njanhareupna ka pagoe-joeban politik kabangsaan anoe sedjen, nganggap doeloer lahir batin sarta moel rek nganggape kana toedjoeanana dapun enja bae pikeun kaperloean kabangsaan djeng lemah tjajana malah P. N. I. katjida pisan hajangna digawe babarengan djeng pagoejoeban pagoejoeban anoe hajang ngoodag kamerdikaan sarta sabisa-bisa baris ngarodjong kana pamak-soedanana. Kana sagala pagawean anoe aja gonana kana kabangsaan P. N. I. hajang ma-tjean.

Ka pagoejoeban-pagoejoeban anoe matak djalan "Cooperation" P. N. I. moel rek ngahalang halang sarta moel rek njawad kana toedjoeanana, sabab koe P. N. I. oge kabarti pangna di-djantankun teh, geus tangtoe bae noeroetkeun kajakuanana, nja koe djalan eta baris ngabalaan bangsa katote lemah tjajana teh, nja koe djalan eta baris datangna kamerdikaan teh. Sanadjan beda djalan oge djeng P. N. I. teh, tapi P. N. I. pertjaja tangtoe pada ngarep-ngarep ari kana datangna kamerdikaan mah Djadi koe sabab eta Cooperatoren teh toeng-gal doeloer lahir batin keneh bae.

Ari P. N. I. mah, pangna henteu hajang miloe tjampoer kana sagala oeroesan raad raad" teh, malah loba kana raad-raad bae, tapi kana sagala

perkara anoe hidjilna ti pihak leear, pikeun P. N. I. moel manggih hidji djalan pikeun digawe babarengan, ari sababna P. N. I. leuwih pertjaja kana kakoeatan bangsa sorangan ti batan kana pangdeudeul pamere anoe sedjen.

Ari saenja enjana mah taadjak P. N. I. kitoe teh, tujan meunang disbeotkeun "Non Cooperation", pe-djah sagala perkara rek prak koe sorangan sarta pertjaja kana kakoeatan sorangan, toeloej koe anoe ngamoesohan ka P. N. I. disbeotna Non Cooperation tjajah. Aja soteh ketjap Non Cooperatie lain kaha jangna P. N. I. tapi djidjeunna anoe mikangewa ka P. N. I.

Ihtiar P. N. I. djaba ti hajang ngadjoengdjoegeun harkat marta batna kabangsaan, anoe polara pisan djadi angen-angen mah nja eta ngadegna kamerdikaan. Tapi sanadjan kitoe oge, P. N. I. henteu hajang ngarawoe koe sikoe njipta-njipta koemaha piaoangoneunana kamerdikaan bangsa oerang teh.

Ari sababna lamoen P. N. I. ngabogaan tjita-tjita anoe saroea kitoe, gede kahariwang bisi pabentar djeng, bangsa oerang keneh samemeh nepi ka anoe dimaksoed tea. Djadi ari kawadjaan oerang (P. N. I) anoe katjida pisan perloena mah, nja eta ngadatangeun mangsana kamerdikaan tea, ari perkara ngatoerna kamerdikaan mah, henteu koedoe ditjita-tjita ti ajeuna. Ari bab anoe kitoe mah, koe kajakuan P. N. I. engke oge bisa ngabangoen sorangan, noeroetkeun kaperloeanana hiroep koem-boeh dina djiman eta. Djadi ari tjindekna mah, hiroep koemboeh (maatschappij) anoe caris pinoeloe-keuneun mah, djadi tamboe bae, sanadjan koe oerang diwangwang ti ajeuna oge. Oerang anoe hajang kana ngadegna kamerdikaan djadi anoe koedoe pangheulana dilhareupan teh, nja eta datangna kamerdikaan tea bae.

Koe kahayang P. N. I. mah, wang-wangan oerang teh oelah djoech teuing, sanadjan sakapeung kapeunggeun sok djadi tjarija oge, perkara "Bond-staat" atawa "Statendood" teh, teu koedoe djadi tjarija teuing, oerang mertjajakeun kana kajaan hiroep koemboeh anoe bakal datang bae. Sabab lamoen mikiran teuing atawa maroboekeun anoe kitoe, anoe teu aja perloena dipikiran ti ajeuna, bisa djadi oge matak poho kana pagawean oerang anoe ajeuna keur dilakuan. Anoe pangperloena pisan mah, saloe-loet sabiloeloengan digawe babarengan pikeun kaperloean bangsa djeng lemah tjai oerang, sangkan gantjalng katapi ka anoe dimaksoed tea.

Sakitoe tjariosanana Voorzitter Hoofdbestuur P. N. I. ka wakil Sipatahoenan teh.

Oelah taroekeoh.

Tjinta bssa, tjinta bangsa.

Ieu omongan lahirna, geus moel sak deui, lain beh dieu, beh dieu, tapi beh ditoeun tahela. Ti mimiti hidji bangsa kaloeer ti weweng-konna (nagara) ka tempat noe sedjen basana.

Komo sanggeus hidji bangsa marintah bangsa sedjen beuki nerekab bae.

Koe noe diparentah, dipake panggeuing bangsana.

Koe noe marintah, dipake pakakas (dipigoena) saperti djampe (parantjah) djeng lanten malim-malim boehaja

pikeun pangempoe-ngempoe boehajana tea.

Leuh, sabasa, saagama, sabatoe . . .

Tapi koemaha kadjadianana. Mis (soelaja)! Lantaran soelaja djeng karepna Natuur.

Ana kitoe, natuur teh henteu hiroep tapi hiroep; sabab, lamoen hiroep koedoe pash.

Natuur teh, henteu boga kahayang, tapi boga kaiep.

Sakateh migoena kakoeatan (kaka-wasaan) Natuur.

Sagala make kakoeatan, bakat djeng sifatna Natuur.

Tetela, bohanna ihtiar di loehoer teh ngetroepan paribasa karoehoen oerang: "Moentjing laboeh ka pree-hoe, kebo moelih pakandangan."

Asal Soenda djadi Soenda deui, njaah djeng resep kana kasoenda-nana.

Geura Dir. Soerisdiredja noe ngarang boekoe Poernama Alam, geus njeun ibarat anoe etjes naker dina eta boekoe.

Hidji anak manoesa, noe kakara brol pisan dilahirkeun, dipaling koe bangsa djin, disalin agama, diganti basana, dirobah adatna, sina njaah djeng heman sarta resep ka dju-dju, nepi ka g-de teu mantra-mantra ka manoesa. Tapi ahirna balik djadi manoesa deui, resep djeng heman ka manoesa.

Dina djam-djam ieu simkoering bisa roedoeheun, boekti soelajana naljan lain koe ilarat atawa koe theorie.

Atawa sarerea oge geus tarerang pibeektieunana, anoe lain dongeng deui da djentre.

Noe matak oelah sok taroekeoh teuing, sot lesotkeun, keun sina robah naon-naon noe geus kaanggep koena teh, sina soeroep djeng waktoena, sina sieup djeng tempatna. Soemawonna perkara noe geus di-anggep ngaribedana atawa ngabalangan kana kamadjoean, toenda heula, djeng tangtoe kana moel koetua teh ngahalangan karepna djaman.

Geuning ajeuna oerang Soenda geus oemcem garendel disbeotna oerang Soenda keneh, henteu ingkar tina kasoendaanana atawa kaislamana-na. Bahuha ngarewa ka Soenda goendoel teh, madjar matak kitoe, matak kieu, leuh rea-rea, tapi karepna Natuur koedoe, nja maksa reu-djeung salametna.

Komo ajeuna mah keur goegoendolan teh djeng distelaun, disapatoe deuih.

Ngomongna tas, tes, tos, basa perteges, njeboetna kana rasana tjate oge "he-t" tjajah; tapi keuk enih karasana koe letahna mah "lada", njeendakeunana nja lada keneh henteu panas. Disabeotna nja Rd. Dadap, Ki Waroe. Djadi tetep di kasoendaanana djeng kaislamana.

Masing make badjoek takwa iket roendj oge, ari teu heman ka Soenda mah nja ingkar tina ka Soendaan djeng kahadjan.

Nja simkoering oge henteu mikarep sagala koedoe dirobah, soemawonna nepi ka dipitjeun mah. Kadjaba noe ngaririoedau djeng noe ngahalangan.

Saperti pangdjaran aksara Soenda di sakola handap timbangan simkoering mah leuwih hade ditjaboet bae, diganti koe noe perloe dioedag. Bisi leungit mah toelis bae dina batoe di er emas simpen di museum sampajan badjoek takwa, mihape kitoe. Engke oge moel henteu dikotektak koe anak iutjoe, pirakoe teu rek miloe ngarasa resep kana karesep karoehonna.

MULO PASOENDAN.

Sakoemaha noe parantos diwawarkeun, Pasoendan baris ngadegkeun Mulo di Tasik. Ajeuna poatoesanana ti Pamarentah parantos katampi, djadi dina ping 1 Juli 1928 teh Mulo Pasoendan ngawitan diboeuka.

Ngoengngeng wartos, maajar hoream koe entree! Jaktos ari bade nganggo entree tea mah, namoeng ajeuna mah moal sapertos waktos ngadegkeun H. I. S. Pasoendan, nepi ka saratoes perak. Koe bestuur Pasoendan, kalawan pirempana wakil-wakil ti oenggal golongan, entree keur Mulo ditetepkeun sakirang-kirangna sapoe-loeh roepia. Oepami aja noe kersa maparin langkoeng ti sakitoe, tangtos langkoeng sae, margi ari koe artos mah pagoejoeban teh teu weleh boetoe.

Satiasa-tiasa entree na kedah dibajar dimana moeridna ditampi lebet ka Mulo. Keur noe djadi sepoeh moerid stoeran ieu tangtos langkoeng sae, djalaran dina waktos ngalabetkeun mah teu kedah majar bajaran sakola. Oepami diengke-engke matak oge djadi kaabotan, da nja kedah ngabantoen bajaran, nja kedah entree.

Oepami dibandingkeun sareng kedah nganteurkeun boedak ka noe tebih, oepamina bae ongkos kareta apina kening disebut entree sapoe-loeh roepia teu seueur. Pertjanten pisan sakitoe mah moal matak djadi kaabotan ka sepoeh-sepoeh moerid.

Djaba ti eta dina **Sipatahoenan** parantos aja advertentie geusan ngawartosan; saha-saha noe hajang lebet ka Mulo Pasoendan kedah bebedja ka kapala H. I. S. Pasoendan. Maksudna ieu advertentie sanes keur noe nembe bade lebet, nanging keur noe ajeuna parantos aja di Mulo, oepamina bae ti Mulo Bandoeng bade pindah ka Tasik. Ari keur noe nemban mah poatoes koe njarios ka kapala sakola tempat boedak diadjar. Sapertos moerid ti H. I. S. Tjiamis, tjekap koe njarios ka kapala H. I. S. Tjiamis.

Noe bade pindah tea, kedah enggal-enggal ngawartosan, margi nampina noe moetkeun herla pandeuri datangna. Noe heula datangna, tangtos diheulakeun.

Poegoe, aja paribasa karoehoen; „Oentjal moal riddeun koe tandoe-ka” Pertjaja pisan tenerna teh, tapi koedoe milih milih waktos djeung tempat.

Bener, dina tempat ampah, waktos noe merdika, kakara koe oendjo kalangkangna dina tji oge. Gagah ranggah, pantes kewes, pitirgting ginding. Tapi koemaha dina lebah keur loempat di noe bala areuj pa-beult, moal teu handjakaleun, nepi ka njilakakeun roeboeh koe moesoeh.

Djoeragan Poeradiredja oge asana bahu-hanteu rempageun soeh, pirakoe ajeuna rek genah ningali bangsana tinggen-leleh leumpang di noe bala pinoh koe reumia, lantjarna (kebatua) henteu disengedkeun heula; oelah-oelah toeloj miwarang doedar dihoentel heula koe sorban (daster), moal disebet teu boga kebat atawa sorban da kitoe mistina leumpang di noe kitoe kaajaanana mah.

Poma-poma oelah taroekoe, kaboe-roe beurang teuing.

Sim koering neneda, soepaja djalan-na onderwijs di oerang oelah noedjoe poelitik noe soelit, tapi noeroot kaaloesanana tactiek. Lantaran geus tetela pimoerideunana, ngarogikeun ka ditoe ka dieu.

Sim koering pertjaja kariboetan djeung ksanatossan sabagian gede goemantoeung kana djalanana atikaa djeung pangadjaran.

Pikiran sim koering geus netepkeun jen Gouvernement teh hidji geest kasoetjan. Sagala karepna oge soetji.

Ngaun bisi rongkah nepi ka ajatjat 40 malioen priboemi rek sina bisa basa Walanda. Teu pisan-pisan sim koering ngamaksodean rek ngabada-bada noe koedoe barisa teh ngan baggesa kaum Ningrat atawa mas-masan, ari kaum Marhaen mah oelah. Tjih, sana bae pmoeng!

Sim koering lain anti basa Walanda sangkilang ngan terang saketjap dosa ketjap geus dipigoena.

Djeung sim koering pertjaja pisan jen basa Walanda teh koentji djalan kamadjoean pikeun bangsa sim koering; tjekap noe ajeuna mah koentji djalan ka Koeloo.

Tapi poh-ara rongkah, moeter teuing oepami 40 malioen disina njarekel koentji kaneh, pirakoe seegan. Dalah sim koering oge ngaloeakeun eta bisi, lain beurang soesoer-sasar, tapi tina nitik djalanana angui noe geus karasa djeung katingal dina waktos taenan, lain djam-djaman.

Timbangan sim koering tina 40 milioen, smalioen oge sampe tjoekeup beh ditoeun tjoekeup, noe diatik, ditoeungtoen baris p-koentjen teh (le-der) boh Marhaen boh kaum Ningrat.

Noe sedjoe (rea) sina njekel patjoel pinter metakeunana, bisa njeunna, bisa njeoroepeun kana tempatna. Sina maranggol ragadi, tabah metakeunana, pinter njeunna, nepi ka bisa njeunna model sorangan. Sina naranggong „hoei, pinter melakna, tangginas ngolahunana, pinter ngadjoelana.

Sina daragang sirop, boeka waroeng nepi ka djadi toko djeung salianua, baris njadikeun noe tis ti Karoelon, Djeung salianua (Ieu hartina sakola Ambacht, Landbouw, Handel d. s. b.)

Diadit dina lebah rek ngadegkeun hidji Schakelschool teh koedoe mikir-keun deui di saepoeterna eta sakola 4 sakola vak keur noe rea.

Bisa djadi noe maratja ieu voorstel loba noe tinggeloene, teu naon-naon, da simkoering oge henteu boeta-toeli pisan, nepi ka teu ngingetkeun (teu terang) di kaajaan bapa, boh pangabugana, boh kakoeatanana atawa kaparibasanana d. s. l. Djeung simkoering oge terang, ieu oendak-oendak-na sakola keur noe rea mangsa ieu

teu atjan njojogan kana eta voorstel. Ka hareup baris dipedar sakola vak noe koemaha noe dimaksode teh djeung koemaha ngatoerna. Tjindek-na moega oelah kaboe-roe boeroe di-marerekan „Kinderachtig voorstel.”

Simkoering pertjaja, sanadjan sa-koemaha dikekederna, diboeat beu-litna (nisi N) dina hidji waktos bangea simkoering taris datang kana tempat-na, ngan pamoega daratanna teh reudjeung kasalametan (santosa).

Bisana kitoe, oerang sorangan koedoe bagerak noerootkeun gerakna Natuur, oelah masrabkeun tapi koedoe bisa ngasoh karepna. Lantaran sakabeh gerakna soetji, hartina mikarep kaaloesan djeung kasalametan. Moen teu kitoe oerang baris tjitjing dina gerakan noe sabalikna kaajaanana.

Pamoega - moega celah aja noe njangka (timboeroe) jen ketjap Natuur di dieu koe sim koering dipake ngawoedjoelkeun geest semebahan atawa panoeatan sakabeh mahluk, teu pisan pisan.

Natapoers.

Weling Nji Soendani.

(ka lantjeukna anoe rek balajar, sakola ka Europa).

DANGDANGGOELA.

1. Doeh djoengdjoenan boeah ati ab-di, engkang bade ngantoeunkeun Pasoendan,

oerang ka nagara sedjer, maksode ngilari elmo, noe mangpaat keur lemah tjai, tankh Indonesia, titinggal karoehoen, nagara poesaka ejang, anoe mahmoer sarta lendo loh djinawi, mashoer saalam dooja.

2. Taja deui noe baris ngawaris, moeng duoenangan noe djagdjag tinek-as, perlente leber wawanan, djaga noe baris ngeroes, padumoean ti nini aki, da oerang tambeiar, toengtoengna koe batoer, ajeuna ngaras letar, beurang peuting teu weieh ngadjadi pikil, katempoean ihtiar.

3. Ajeuna teh oerang engreus man djing, puma pisan oelah kadjongdjoenan, koedoe getol sosen-sosen, sing renoeng djadi iusiujoer, Mr. Dr. pou pilalagi, sarat siug iatna, moentang ka Jang Agoeng, niat gabela nagara, koedoe daek koeroe tjileuh kentel peudjit, itoeng-iteng tirakat.

4. Koedoe njingrah ti geusan ngadjadi, njiar elmo ka nagara lian, saer sepoeh mah masantren, ngadjadih lemboer batoer, njiar leang noe haris hasil, mangpaat keur oerang, ngeunteung nagri madjoe, madjoe sagala oepana, Handel Landbouw Staatkunde reudjeung Industrie, Millitair Onderwijsna,

5. Sing moeroduel noe ngoengi ka nagri, masing rea anoe ka Europa. njiar loeng ngalalakan, oelah ngahoeroen baloeng, geura mangga engkang tingali, koema teu ngalohas, tanah leboer adjoer, hiroep rajat kasangsara, kavedekkeun ke Arab Tjina djeung

Koling, oerang mah ngan boeboedjang.

6. Baris tjonto Djepang hidji ngri, noe pernahna teu djoeah ti oerang, geus tetela madjoena teh. uaha oerang moen kitoe, asa sageuj henteu katapi, geuning geus miteubeu, kersana noe Agoeng, meerderheid di Volksraad, dilobaan ledenna Indoesieser, moega-moega laksana.

7. Taja sanes moeng pamoegi-moegi, goesti Allah kersa nangtajoengan, njareng sareng ngamongmong, wilodjeng hasil maksode, abdi noe dikantoean indit, sarong sadajana, noe mangkoek di lemboer, oelah mendak pantjaba, sing salamet doegi ka waktosna moelili, engkang ti pangoembaraan.

8. Poma engkang oelah rek tjilimit, panganggeraan oelu heubeureujan, onderarm sareng enou, engkang kedah soenggoeh soenggeh, siug emoot ka lemah tjai, saras dek soekan-soekan, engke ge di lemboer, teu kirang kirang noe endah, ajeuna mah geura geura enggal hasil, laksana noe dimaksad.

H. Amos.

Koeminis katjingtjirih?

Toean Baars geus meupeuskeun gotji wasiatna Roeljan.

Sareta oge moal aja anoe bireuk ka toean iusiujoer Baars, tiles djago Koeminis Soerabaja, anoe geus ngoembara di Roeljan.

Geuning kitoe di Roeljan teh si manahoreng, sawenang wenang, ka teu adilan teh ngagebregna di dinja. Teu aja pikabitaunana, malah matak moeringkak boeloe poendoe.

Mimitina mah rada tjangtjaja, kana tjari taean Baars teh, sieun bohong sieun koemaonam tea bae.

Tapi barang geus dihaminan koe Dr. B. anoe lezing di Moesioem teh, teteg hate teh jen enja toean Baars njaritana teh, lain pangaraban, lain ngadeupean lintjar, lain bohong, tapi tetela sabalakana, noerootkeun adat tabeat andjeunna, tara aja anoe didinding kelir, kitoe boektina kitoe diomongkeunana.

Euleuh koetan kitoe, karambidjoedana di Roeljan teh, pendekna sagala teu aja matak pikabitaunana ari boektina mah, sagala dalim sagala pakotjroet.

Atoeh ari koe kitoe tea, masing emoot bae kana lalakan: PETROEK DADI RAOE. Tah koe ieu oge tjoekeup katranganana.

Makmak-metmek.

Panalek boekoe.

Raden Adjeng Sekar Komara. Dina taheun 1925 diisim koering nampi sebaran saembara ti hidji drukkerij di Mester, ngawawarkeun jen moal lami deui bade kaloeur hidji boekoe basa Soenda kening ngarang Raden Imbi Djajakoesoesoemah. Dina eta sebaran disebutkeun jen eta boekoe ngadongengkeun hidji Istri djaman kiwari, noe katibanan kaum „koeda” (langkoengna ti kaum moeda). Djisim koering geus teu ngaengkeun deui, ladjeng bae harita keneh ngintoeunkeun postwissel ka eta Drukkerij teh, nja eta timpah artos, bade meser boekoe anoe disa-embarkeun tadi tea. Namong moelan-malen bet lebeug bae henteu aja

wartos wartos deui. Serat mah serat diisim koering geus boson ngintoeun-keun, nanging teu aja waleran naon. Handjakal pisan dina wangkid ieu diisim koering hilap deui kana wastawa Drukkerij.

Dina ping 10 December 1927 diisim koering kening bistelan ti Djoeragan Imbi koe andjeun. Ana breh teh diboeuka, bet eusina bistelan teh. . . . boekoe. Eta boekoe teu kinten pisan roepina sae, djilidna kandel toer nganggo digambar, koe gambar batik. Doepi djoedreina eta boekoe nja eta: „Raden Adjeng Sekar Komara.” Singhoreng boekoe anoe koe diisim koering dianos autos kapoengkoer tea. Atoeh henteu tulangke deui, ladjeng bae didekol djatja, dongkap ka sadinten djepoet, antoekna mah dinten harita keneh boekoe teh tamat. Doepi eusina eta boekoe jaktos pisan matak resep. Njarioskeun hidji istri djaman kiwari poetra Wadana, anoe katalandjoeran teuing tina hal kaum moedana, dongkap ka dina waktos andjeunna parantos laki rabi ka babadna toeta retelanana koe andjeun, andjeunna mangtaunkeun ka hidji Walanda, sobat tjerogena. Ahirna Gan Komara dikeser koe rakana, malah henteu kapambang, ladjeng noeterkeun Si Toean, beubeureuhna tea, ka Samarang. Tami lami Agan Komara van Tjikembang, dilepas koe Toean, nja djadi boeah Societeit, tjotjoon sadajana para Toean. Saparantosna Agan nandanngan kasangsaraan, dongkap ka di boei nanaon, andjeunna moelili deui ka ramana. Sagalak-galak matjan, koe ramana Gan Komara nja ditampi deui, nanging dasar adat geus kakeoereng koe iga, sanggem babasan tea mah, sanadjan dipasantrenkeun dikoemahakeun oge, Agan teh nja moelili kana lampah awon deui bae. Ahirna, panoeopna tjurta, Gan Komara, anoe sakitoe, anenojna teh ppeoes, dipergasa koe Si Toean, „popotongan” andjeunna tea.

Tah, pondokna tjarios mah sakitoe eusina boekoe teh. Boekoena kandel, doegi ka 281 katja. Kertasna sae, toeta aksarana teu kinten terangna. Ieu tjarios henteu dilangding, namoeng ditjarioskeun biasa bae. Awis awis dipasieup koe dangding. Teu kinten pisan sieupna teh. Dina lebah waas, diwawaas koe Dangdang goela, ninggang pisan dina wirahmana. Lebah balangsa nja koe Koemabang, Siom kentar djadi gambarna noe hegar. Perkawis basana diisim koering henteu tiasa njarioskeun, koe margi sanes ahli Basa; dina lebah dieu mah kedah Djoeragan Soeradiradja atanapi Djoer. Poeradiradja atanapi Djoeragan Padmadinata anoe ngadalangkeunana. Moeng sanggem diisim koering woengkoel mah woengkoel sae, henteu garhal. Kitoe tea mah anoe ngarang ieu boekoe, nja eta Djoeraga Imbi, sanes nembe ajeuna bae andjeunna ngarang boekoena teh. Dina serat kabar Padjadjaran, almarhoem, andjeunna ngarang hidji tjarios: „PATA NI”, samalah koe Directie eta serat kabar teras ditjatak didamel boekoe. Padjadjaran, Papeas Nonoman, Siliwangi, Djadjaka Pasoendan, eta kabeh serat kabar keurna koemelip keneh di doenja, sering pisan dieusi karanganana Djoeragan Imbi.

Sanadjan kana eusina boekoe „Agan Komara” diisim koering moedji, anging diisim koering henteu tiasa tjotjog kana sadaja anoe diserat, koemargi noemoetkeun pikiran diisim koering masib aja uoe djalir sareng kabiasaan. Sapertosna: dina waktos agan Komara soemping deui ka ramana, dipajoeneun sadajana koela

wargi, ardjeeunna ngabedjer beaskeun sadajana lalampahan andjeunna. Eta sanggem koering mahiwal tina biasa, koemargi watekna kabeh djelma, tara ngabedjer beaskeun lukoe laupali anoe goreng, sanadjan ka sanak ka kadang oge ieu deui ngalalakankeun andjeun dugang teun. Di dieu sanggem koering mah rada moestabil.

Dina toetepna tjarios, moeng ditjarioskeun jen Agan Komara ditjkek koe Si Friderich dongkap ka poepoes. Moeng bae anoe maos MOAL poeas (moal voldaan) luntaran anoe ngarang lali manawi henteu njarioskeun naha Si Toean anoe maehan teh dihoekoem atawa henteu. Moen dihoekoem, hoekoem naon. Eta teh panambah kana karesepna anoe matja. Ara toetoe. Sanadjan anoe matja bisa ngira-ngira sorangan oge, henteu kalis. Geuning dina RASIAH NOE GEULIS, oerang teh anoe matja asa dipangdongengkeun nepi ka tamatina. da di dinja mah di Toean Toean Arab anoe moepoesan Agan Leamana teh ditjarioskeun kening hoekoeman, diboeang ka anoe tjanah.

Oepami ditjandak oemoemna, jaktos pisan sanggem diisim koering mah boekoe Raden Adjeng Sekar Komara teh sae. Sae basana, sae dongengna, sae ka boekoe boekoena. Nanging aja deui bae kahandjakalan teh. Kitoe ge ieu mah sanes berhoesoengan sareng eusina atanapi basana eta boekoe, manawi sareng perasaan diisim koering pribados bae, anoe sok katelah „Nationaliteitsgevoel” tea.

Ieu kahandjakalan teh. Boekoe R. A. Sekarkomara teh koe Djoeragan Imbi ditjatakna bet di kantor tjatak „Het Boekendepot” di Geroet. Jaktos pisan henteu aja katjaw-dna, nitakna sae, malah nitak gambar gambarna oge sae pisan. Moeng bae diisim koering mah sok nanja maneh, naha bet ditjatak di ditoe henteu di dieu. Naha oerang „diu” kitoe geus teu saranggopeun! Pirakoe djoeragan M. I. Prawirawinata, djago oerang dina lapang dugang boekoe eleh koe atah atah.

Het Boekendepot Garoet teh sanes bae anoe nitak, pangung oge anoe ngabantjangeun, djadi oepami aja noe bade ngaragaleuh teh kedah ka kantor tjatak eta.

Doepi noe kagoenganana eta kantor tjatak teh oepami teu lepat mah TOEAN van K. Tah noe matak diisim koering manghandjakalkeun. Tjek noe aranom djaman kiwari tea mah? „Steunt eerst de Nationale Bedrijven en Ondernemingen”, sanes? Pangacsna eta boekoe f 2,50 (saringgit). Ningal kasanaanana mah henteu keuing disebutkeun awis.

Odang.

„Babi ingoe di djalan gede”.

Oepami sim koering pareng djalan-djalan ka kampoeng Tjina, saperti: Tloekboejeung, Boelan boelan sareng Bekasi, boh siang boh wengi, seueur pisan babi ingoe dicembar di djalan- ageung, nareangan mangsana, tempo-tempo sok ngarising di eta djalan sedeng koe anoe bogana sok diarantep bae, tangtore pisan tina, djaba bae oge. Matak ngaganggoe kasehatan, oepami liwat teh, ngarag djaridjipen, sakitoe teu lesot sandal sareng bakjak (klom) da teu leungit geuleuhna mah, daek keneh nintjak tai moending.

Sakapeung mah sim koering sok heurin deui, ongkoh seueur pisan babi anoe ditangkep koe Veldpolitie, djalaran ngalantjak di djalan ageung, sareng noe barogana didakwa teroes didanda koe Landgerecht, tapi kawasna henteu djadi kapok, palahal eta

babi sawasna kedah aja dina kanda-
dangna, teu meunang kaluar, sa-
djan di djero pakaranganana oge,
soemawonna nepi ka kaluar ka djuau
gede mah.

Bisa jadi paugna kitoe deui kitoe
deui beb, djalara Veldpolitie koerang
keras nangkepanana, moeng okeor
bari liwat, henteu dipatoelkeun Veld-
politie pikeun ronda eta 3 kampoeng,
geus koedoe bae lobana teh tangke-
panana, soegan koe atoerau ieu noe
baroga babi ngarasa kapok.

Sim koering pertaja ka Toean
Delacheureuts Commandant Veldpoli-
tie Bekasi, reh andjeunna anoe kagoe
ngan hak pikeun ngatorr pendjagaan
noe langkoeng keras didjalan ageung
ngadajaga kasalametan sareng kaseha-
an oemum.

Hoermatna
Pa Lantjongan.

Harkat djalma sahan- dapeun sato???

Oenggal cerang deueh, atawa anoe
raja mindeng njaba ka dajeh, tang-
toe mindeng manggihan, meh di oeng-
gal-oenggal pengkolau, digawingkeun
dina tatangkalan, papan roebak ditoe
lis koe aksara guleda anoe oeniua
„Behandel de dieren met
zachtheid. Spaar de vogels”
Maksuedna eta toelisan, ngauaseha-
tan ka oenggal noe matja, soepaja
mukaroenja oelah nganjenjeri sato
hewan.

Anoe boga hodjah kitoe teh tjeuk
bedja mah „Vereening tot bescher-
ming van dieren” (Vereening dieren
bescherming).

Kana karep anoe sakitoe moeljana,
tangtoe moal aja hidji djalma anoe
henteu ngarodjoekeun moenggoehing
djalma anoe euggeus kapandjangan
boedi akal noe sampurna mah. Malah
ari koe kitoe tea n. h. lain bae banga
sato hewan anoe oelah dinjenjeri teh,
tapi anoe pang pangna pisan mah,
oelah nganjenjeri ka papada djalmu.

Ieu pangdjaran, boh koe adab
adaban, boh koe sagala roepa agama,
geus dianggap hade kabina-bina. Ngan
handjakal dina prakaraana rea
anoe katjida soelajana.

Vereening dieren - bescherming,
katjida malingkeunana ka djalma
anoe nganjenjeri sato hewan, boektina
na nepi ka ngajakeun politie anoe
perah nangkepan, bisi aja kang koe
sir anoe make koeda letjet, ngage
boeg liwat tina mistina, beurat teuing
momotantana djung sabangsana.

Katjida pisan matak handjakalna,
Vereening dieren bescherming hen-
teu malingkeun ka djalma anoe nga
njenjeri djalma deui. Padahal noeroet
keun pangdjaran dierkunde mah,
djalma teh kaasop kana „sato noe
pangloeh-erna.”

Saadjan geus aja wet anoe ngala-
rang, jen djalma henteu meunang nga
njenjeri ka papada djalma deui. Tapi
koemaha boektina???

Remen pisan kadjadian, koesir koe
sir anoe narambangan, lantaran salah
eureun, atawa salah mengkolkeun,
meunang peresenti politie agent, aja
paneunggeul anoe njasab kana awak
na si koesir tea. Perkara ieu tangtoe
koesir koesir anoe baris bisa ngarasa
keunana.

Rea pisan kadjadian, sakitan anoe
moengkir di hareupeun medja hakim
sanadjan dina voorlooping onderzoek
geus ngakoe oge, lantaran ngakoe-
oemeh kapaksa madjar teh bongau
dipariksa koe paneunggeul.

Kadjudian kadjudian anoe saroe
kitoe, geus teu aja aneuna sanadjan
dijaritakeun oge, beunang dianggap
perkara biasa bae. Dina djam anoe
keur werit kieu mah, geus teu aja
aneuna, djalma maehan djalma deui
djalma ngagautoeng djalma deui.

Malikan deui maksuedna Vereeni-
ging dieren-bescherming bet teu at-
nja bedjana ka djalma anoe ngarep
ngarep hareung njaho, koemaha tala
djakna eta Vereening kana kadjudi
an kadjudian anoe dijaritakeun tje
neh. Pirakoe ari harkat djalma rek
dianggap aja sahandapeun sato hewan
onaman???

Padahal, lamoen disidik sidik nilik
boekti anoe gampang kabartina, jen
djalma mah, leuwih saeutik kakoea
tanana sarta leuwih rea kanjerina.
Sireum potong soekoena sahidji, ma
sah keneh bisa leumpang, tapi djalma
mah hihileudeun dina indoeing soekoe
na geus teu bisa walakaja, kome deui
lamoen ngahadja dinjenjeri mah. Toe
roeg tereog djalma mah, boga doe

roepa kanjeri, koe paneunggeul njeri
na karasa koe awakna, koe panjara
ken njeri karasa koe hatena, ngoenek
ngoenek ngarewoet mangtaoen taoen.

Saha anoe sok teunen ditjarekan koe
omongan anoe kasar gariluh???

Nanjekunana koe koe ka koesir
djeung padagang anoe ngider ditu
langgoeng!

1 jajah.

Normaalschool.

Pikeun anak noe baleungharatawa
menak lolobana sarasoepeka ka sakola
handap teh nja ka H. I. S.; ari pi-
keun anak anoe mariskin atawa
sambah, ka sakola desa djeung ka
sakola klas II.

Lamaen koe oerang dibandingkeun
lobana somahan djeung menak atawa
noe beunghar djeung noe miskin,
diantara oerang Soenda bae heula,
anoe djoemblahna ± 9 joeta, menakna
djeung noe baleungharna mah ngau
aja sapersabarabana, lolobana mah
noe laleutik.

Ajeuna H. I. S. pangdjaranana
diomean, nepi ka sakola pigoeroe-
unana oge (Kweekschoo) dirobah. Naha
ari sakola desa djeung sakola klas
II moal diomean (diloehoeran) panga-
djaranana? Poegoeh bae koedoe mah,
malah perloe; apan nja sakola eta
tempatna anak takapan Marhaen anoe
sakitoe lobana teh.

Tapi moen sakola klas II, rek
dirobah (ditaekkeun) pangdjaranana,
sakola pigoeroeunana oge boektina
nja Normaalschool koedoe dirobah
tjara Kweekschool tea. Ari ngaro-
balna, kitu:

1e. Di eta sakola koedoe diadjarkeun
basa Walanda.

2e. Pangdjaranana diloehoeran djeung

3e. Waktoe sakolana dililaan.

Noe diseboet dina No. 1 geus teu
koedoe dipikiran deui, sabab noeroet-
keun poetoesan koempoelan: t. t.
Inspecteur oge - bareto taoen 1927 -
hal eta teh geus karoedjoekeun, maloh
noeroetkeun poe esan timbanganana
Onderwijsraad mah „wadji” diaja-
keunana teu. Handjakal teu ti bareto,
tapi nja dalah dikoemaha!

Koering noe geus ngarasa dioek „di
bangkoe eta sakola, ngoetjap „noe-
hoen” kana eta timbangan (poetoesan).

Sigana noe diseboet dina No. 2
djeung No. 3 oge geus aja di
Volksraad anoe njaritakeun. Boektina
dina „Djawa Pamarentah” aja kusa-
oerana toean Hardeman. Di dinja
diseboetkeun jen perloe basa Walanda
diadjakeun di N. S. -timbangan Onder-
wijsraad tea - tapi henteu koedoe
lilana diadjar di eta sakola, ditambah
djadi 5 taoen. Ngan andjeunna oge
(toean Hardeman) tatjan iasa moetoes-
keun.

Rasa sim koering, noeroetkeun noe
geus ditjaritakeun di loehoer. Nja eta
H. I. S. ditaekkeun pangdjaranana,
sakola klas II oge koedoe, nja kitoe
deui sakola pigoeroeunana oge per-
loe dirobah, koe pangdjaranana
diloehoeran. Tangtoe pisan, soepaja
aja goenana, lamoen pangdjaranana
diloehoeran, lilana pikeun diadjar
oge koedoe ditambahan. Deui moal
aja goenana moen waktoena diadjar
ditambahan, ari pangdjaranana ang-
ger keneh tjara ajeuna; da koedoe
babarengan, lilana diadjar djadi 5
taoen, pangdjaranana diloehoeran;
nepi ka Normaalschool teh koedoe
saroea djeung Kweekschool bareto
(samemeh diganti koe Algemeene
Kweekschool).

Moega-moega Djoeragan Oto Soe-
brata kersa njandak „kagegelan”
ka Volksraad!

Sim koering nganoehoenkeun deui
ka Pamarentah, wirehing ajeuna rek
diadjakeun djaln pikeun goeroe-goeroe
ti Normaalschool pikeun asoep ka

Instelling ter bevordering voor taal-
land-en volkenkunde van Neder-
landsch Indië. Toeh, kome oepama
ngingetkeun ka diuja mah, beuki
tetala bae pangdjaran di Nor-
maalschool teh koedoe saroea
djeung pangdjaran di Kweekschool
samemeh diganti koe Algemeene
Kweekschool.

Kambodja.

Tk: datum postmerk.
N. B. Di sawah sakola kl. II dina
boelan Sawal rek ngajakeun
pertjobaan klas 6.

Aa.

Pasoendan Batawi.

Ari koe kitoe tea mah da lain dja
manna, hidji pagoejoeban anoe rek
ngoedag kamerdikaan lemah tjana,
make rek ngabeda beda NINGRAT
djeung MARHAEN, da poegoeh oge
ari geus koemboeh djadi hidji mah
euweuh NINGRAT euweuh MARHA-
EN, saroea bae.

Matja karangan LID KOLOT dina
Langljang Domas No. 25, katerangan
2 djeung 3, sim koering rada teu pa
ti pertjaja, jen Bestuur tjabang Pa-
soendan Batawi make ngabeda beda
atawa teu daek tjampoer MENAK
djeung SOMAH, sabab, kapan Pasoen-
dan teh rek ngadjak kaeem MARHA-
EN madjoe babarengan enggoung
ngoedag kamerdikaan. Soemawonna
oepama ningal kana voorstel voorstel
noe geus dipadjoekkeun koe Pasoendan
ka rengangan rengangan Regentschap
raad, Provincialeraad d. s. t., oerang
geus teu koedoe ham-ham deui kana
gerakna Pasoendan. sabab lolobana
pikeun kaperloeunana kaeem MAR-
HAEN.

Teu madjoena Pagoejoeban Pasoendan
Batawi, tjeuk sim koering mah noe
geus ujang koerang leuwih 7 taoen
lain koe lantaran MENAK hajang di
seboet RADEN koe MARHAEN. atwa
MARHAEN. emboeng ujehoet.
djoeragan ka MENAK, tapi babakoe
na koerang tjonggah antara Soenda
djeung Soenda deui. Boektina: Oerang
BANTEN boga rasa lain sasama bang-
sa ka oerang Prangan, oerang TJIRE-
BON idem ka oerang BOGOR; atawa
pongawa Pakgade tjita tjitana (teu
saejoenan djeung pongawa Depart-
ement, pongawa POST idem djeung
sedjen sedjen golongan enz. enz.

Koe sabab eta teu aia deui djaln
na soepaja oerang Tjirebon, Bogor,
Banten, Bandoeng enz. enz. noe di
Batawi, ngagoendoek djadi hidji, nja
eta di kalangan PASOENDAN. Tah
kakara kanjahoan jen maraehanana
toenggal oerang SOENDA.

Leuwih oelama deui oepama ditam-
bahan koe ngadegkeun PASAMOAN
soepaja sering pagiling gisik djeung
papada oerang Soenda.

Kiteo oge ngan tjaritawoengkoel,
prakaraana mah masrahkeun ka
djoeragan djoeragan Bestuur Tjabang
Batawi.

Saept.

N. B.
Ieu karangan dilebetkeun kana Sip.
kapajoen baris dilibetkeun deui kana
Langljang Domas.

A. a.

Pagoejoeban ngabibit koe- da Sangiangkalang di Tjidjoelang.

Dina dinten Salasa ping 25 October
1927 Pagoejoeban Sangiangkalang
laksana ngadamel openbare Verga-
dering, tempatna di Bale Desa Tjid-
joelang. Lid noe koempoel koerang
leuwih doe ratoes di loeohan koe

LELANG KAJOE.

ddn. 14 Maart 1928 djan 9 1/4 pagi di roemah bola Galoeng
goeng di Tasikmalaja dari:
a. 98 M² kajoe djati ada di Bandjar, dan Bandjarsari.
b. kajoe goeoeung yang masih toemboeh di blok G Soenda
dekat Onderneming G. Satria, Taxatie 6 M² Kl. I 48 M² kl. II,
26 M² kl. III dan 400 s. M. kajoe bakar. Limiet f 1112.—
c. kajoe goeoeung masih toemboeh di blok Tjibaroes di
Tjikadjang Garoet. Taxatie 40 M² kl. II, 4 M² kl. III dan 219
s. M. kajoe bakar.
Limiet f 610.—
Kavelingsoverzicht dan lain-lain minta sama Opperhout-
vester di Garoet.

Sakola Mulo „Pasoen- dan” di Tasikmalaja.

Dina sasih Juli 1928 di Tasik
malaja bade ditoeke sakola
Mulo subsidi koe pagoejoeban
„Pasoendan”.

Eta sakola bade ngajakeun
doea voorklas sareng hidji klas
hidji.

Sepoeh-sepoeh noe bade nga-
lebetkeun poetrana disoeboen-
keun, kersa ngawitoan ti ajeu
na ka Kapala H. I. S. tempat
sakola poetrana (zie pag. 1)

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa
obat patent dan lain lainna,
Minneinan, Seroetoe, Sigaret,
Katjamata, Cutex, Boucilla, dan
pekakas potret.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Karata Mesin Simplex sareng
sane-sane Merk Europa, Band-band
Auto Merk Goodrich, Michelin, Good-
year, Dunlop, sakalian sareng parobot
pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-
perti Beureun, hedjo, bla, koneng
kolot, bodas sareng nganggo strip
roepa-roepa, aja deui anoe nganggo
leter monogram koe aer inas, sae pi-
san pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch)
anoe marodel, roepa-roepa lampoe-
batre, anoe parantes kasohor kakoe-
watanana, dina waktoe ajeuna keur
raue pisan anoe ngarangk bedil
angin (windbuis) pikeun plesiran, nja
eta keur badjar nembak atawa keur
manoe, badjing, tjareub, ganggara-
ngan anoe sok ngaroekak kana pipi-
araan, heularg, kalong, sareng sadjab
ti eta sato sato anoe ngaroekak, tang-
tos masa kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggo vergunning,
noe mawi di sajugikeun njondong 2
roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2,
nja eta merk B. S. A. anoe masoer
kakiatanana sareng saena, pelorna
sajagi tjoekeop, sadjab ti eta, sajagi
roepi roepi Ketservies (stelan piring
makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12
djalmi), sareng roepa roepa djam
(lotjeng) Westminster, erlodji anoe sa-
rae, peso silet peso tjoekeoer goenting
resin anoe parantes masoer kasaa-
nana, njondong roepi roepi oekoer-
an filter (saringan tjaj) pikeun ngad-
jagi kawarasan, atawa kasehatan.

ELECTROTECHNISCH BUREAU C. A. GRANPRÉ MOLIÉRE

Naripaan No. 103 Telefoon No. 2120
BANDOENG.

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter,
Accu, Dinco enz.
Segala barang yang didjoel dan dibikin betoel. dengan me-
make tanggoengan (garantie)
Kalo toean maoe taoe, kebaikan dan kebagoeannja daga-
ngan dan pekerdjaan saja, diharap toean menjaksiken ke tem-
pat saja, atawa bertanja kepada saja poenja langganan-langganan.

BANDOENGSCHE - COIFFEUR. Tjikodapateuh t/o Passar Kosambi No. 210 BANDOENG.

Saniskanten pangatoeran noemoetkeun kasapanan (modern)
padamelan ditanggul moal aja tjawadeunana.
Mangga enggal njobian!
T A R I E F
Haarknippen (ngagoenting rambut) f 0.50
idem (moerangkalih) f 0.25
Scheren (diparas) f 0.25
Haarwaschen (dikoerama) f 0.25
Frixion f 0.25
Slijpen f 0.50
Noe ngadjeng-ngadjeng
OEDIT Eigenaar

TOKO Universeel Agentschap NIC MULLER

Goenoenglae 15 Telepon No. 26.
TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandsrommel (tem-
pat oepar kaperloeon sadijiten).
Perloe keur sadaja djelema noe
tebih ti doktor.

Katjida perlona keur sadiaan di
bale desa soepaja sadaja djelema bisa
dioebaran oepama potong, raheut,
ragrag, barareuh, njeri beuteung, nje-
ri panon katjida atawa dipatjok orai.

Dina ieu verbandtrommel sadia
sagala roepa oepar kaperloeon sapa-
poe.

Tjebi soemping ka Toko atanapi
njeratan engke diterangkeun sagala
roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng
NIC MULLER.

N. B.
Di toko kenging moendoet prijcor-
rant teu kedah majar.

TECEL FABRIEK „NAJA”

Goenoengabueh Tasikmalaja.

Sajagi roepi roepi tegel, be-
ton buizen (koeloeoeng) sa-
reng beton roosters.

Pangas sareng kakiatan di
tanggul ngabingahkeun. Prijs
lijst sareng monster tiasa di
poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng
S. Najawilaga.

Nembe medal:

Goegoeritan pangdjaran uga-
dangding f 0.07
Kalepatan poetra, dosana iboe f 0.50
rama I f 0.30
Rasiah koesir II f 0.45
Neng Hajaoi f 0.50
Nampi padamelan tjitakan boekoe-
boekoe.

Toko en Drukkerij
„PASOENDAN”
Tasikmalaja.

kangdjeng Bopati Tasikmalaja, djoer. Rg. Wadana Tjidjoelang, djoeragan Tjamat: Tjidjoelang, Tjimejak, Tjigoeger, Karangkami, kempelan diboka taboeh satengah sapoeloh siang.

Separantosa djoeragan Rg. Wedana Tjidjoelang (Voorzitter) nganoe hoenkeun ka kangdjeng Bopati, ka para lid miwah djoeragan djoeragan tamoe noe sami soemping, ladjeng andjeunna maos Statuten lami pagoejoeban San gisig kalsig, noe koe moepakatna Vergadering eta Statuten koedoe diganti. Statutamna djoer. Voorzitter maos Statuten, teras disamboeng koe djoeragan Proewitrisina maos Statuten anjar sareng huishoudelijk Reglementna Pagoejoeban Sangiangkalang, lid bestuur reudjeung aandeelhouder geus moepakat kana oenina Statuten anjar.

Ladjeung djoeragan Voorzitter nerangkeun harta banda pagoejoeban Sangiangkalang ti tanggal 25/10/27 kaajaanana saperti ditulis di handap ieu;

Doerit simpanan Soekapoera Volksredietbank djoemblaah f 1058,02
16 genep welas koeda bibit } ditaksir } f 3070.—
20 dua poeloh } harga }
1 hidji koeda }
pamatjek }
Djoemblaah f 4128,02
Djoemblaah poko ladaug aandeel f 4903,35

Dikalosarkeun meuli bibit koeda, enz. f 4218,99

Tiugga! f 684,34

Doerit noe tatjan kapendak selak seloekna f 373,08

Djoemblaah f 1058,02

Djoemblaah f 4128,02

Djadi di djoer tempo doea welas taon nepi ka kiwari pagoejoeban Sangiangkalang nanggoeng roegi f 775,31 (toedjoeh rataes toedjoeh poeloh lima en 31/100 roepia.) (Poer baik i Zetter).

Ti wates poe ieu harga aandeel Sangiangkalang naek djadi f 14,04.

Satoetana nerangkeun luperaris pagoejoeban teras pilihan bestuur anjar:

Beschermer. Kangdjeng Adipati Aria Wiratanoeningrat Regent Tasik.

President R. Rg. Kartadiredja Wadana Tjidjoelang.

Vice President R. Sasmitadiredja, As. Wadana Tjidjoelang.

Secretaris I. Mas Soewabri, Mantri Goeroe Tjidjoelang.

Secretaris II Mas Argadipoera. Djoetoelis Tjamat Tjidjoelang.

Peninggmeester, R. Achmad Dahlan, Chaliphah Tjidjoelang.

Commissaris, M. H. Abdoelkodir. Loerah paraman.

Commissaris M. Sastrawiria Loerah Batoekaras Proewitrisina, Partikoelir Parigi.

Rengse pilihan bestuur anjar, Beschermer (kdj. Bopati) ngawoewoeh koe roepa-roepa nasehat soepaja lid bestuur tina ieu pagoejoeban barang barang setia ngamadjoekna Pagoejoeban Sangiangkalang, nepi ka diakhir kasenanganana.

Poekeol 12 siang Vergadering ditoeop sareng wilodjeung.

Verelager
Sip.

Wateran serat serat.

Djoer. G. Stdprj. Bd. Karangasan basa Malajoe teu kinten handjakaina teu tiasa dilebetkeun kana Sipatahoenan. Langkoeng sae manawi dilebetkeun kana Langjang Domas.

Djr. R. A. W. "Koedoe asak pariksa" tiasa dilebetkeun kana Sip., nanging Loerah tanggoengan Redactie. Koemaha meepakat? Oepami meepakat njehoenkeun wartos. Karangasan saena mah rada dipondokkeun, margi kakirangan tempat.

Djr. Sj. Lg. No. 280. Tandj. Sari. Aja achterstand 2 sasihon f 1.—. Noehoen pw. katampi.

Langganan noe ditagih keukeuh teu major bae, ti ngawitan minggoe kamari teu dikintoeun Sipatahoenan deui. Sanes pisan kirang hormat moeng kapaksa ngirit-ngirit ongkos.

Para Djoeragan noe nampi Sipatahoenan pertjoban, moegi kerna ngawangsoelkeun deui, oepami teu kerna djadi langganan.

KAREP.

(Samboengan)

Ibadah koedoe bisa noengtoen dina milih gawe. Oelah milih gawe uoe lo ba doeritna bae, tapi koedoe milih gawe anoe pimangpaateun deui. Djalma teh koedoe leuwih gede batan kapangkatanana. Kapangkatan koedoe dianggap hidji waktos pikeun oerang ngalampahkeun kahadean. Lamoen oerang migawe pagawean anoe mangpaat, deuitna tangtoe noetoeurkeun. Sahasaha noe mangpaat, tangtoe kapake. Oelah kabita koe pangkat batoer, anggoer aloesan pangkat sorangan salawasna. Djalma anoe temen wewel. dikaboel sapanedjara.

Ibadah bisa kabarengan koe mikahajang kaagoengan anoe estoe, tapi tara mikahajang kaagoengan anoe pal soe.

Kaagoengan anoe estoe nja eta: saemoer hiroep hajang netepan kawa djibana, hajang hiroep taja koetjiwana, emboeng kaongkos, emboeng ngolo ngolo, henteu hajang beungkar koe tanaga batoer, soemawonna make hajang njilakakeun mah djeung emboeng nipoes daja. Tjidekna anoe dipalar teh njaeta malah mandar bisa meunang djeung ninggalkeun ngaran hade.

Kaagoengan anoe palsoe njaeta mikahajang pangkat loeh. er, sanadjan manehna njaho, jen hamo pibisaean, atawa taja piwaktoeunana pikeun migawena djeung hajang diseboet dji ga itoe djiga ieu, padahal lain di dinja mernahna.

Ibadah koedoe dibarengan koe kamerdikaan hate, tapi teu bisaun ari dibarengan koe merdika teuing mah. Kamerdikaan hate njaeta hidji karep, anoe emboengun noeroet ka batoer, kadjabana ari kawadjitan anoe geus dibeuratkeun kana dirina mah. Ari merdika teuing mah, emboeng noeroet ka saha-saha oge, sandjan ka na kawadjibanana sorangan. Teu koedoe noeloengan, moen matak ngarok sak kana kamerdikaan sorangan mah.

Lamoen aja noe njarita kieu: "Koe sabab koerang, sok toetoeleung, djadi koerang oge koedoe ditoeleungan." Tah keketjapan ieu teh memang kaharti, meunang taja salahna tapi la in lakoening anoe ibadah da ibadah mah teu pambrih dibales. tjenah itoe anoe ditoeleung tea aja panarimana nja eta mah kari koemaha karepna. Kamerdikaan teh minangka sina (elesa), ari ibadah minangka gambar na, moen dina pigoera mah.

Ibadah koedoe dibarengan koe boga kaera. Djalma nre ahli ibadah teu koedoe toemarima bae dina "agala perkara. (Oelah tjitjing bae, moen aja hal, noe matak ngaromongan diri. Tapi peupendjeuh kaera teh oelah matak ngadjadikeun barangan, babari an ngambek atawa borangan. Oelah ngambek moen ngareungeun noe matak pi-ka-teu-ngennaneun, ari lain di hadja mah. Lamoen aja noe menta dibampoera, mahisa-bisa koedoe ditampa. Anoe ngawiwirang teu perloe di tangtang. leuwih hade entong diadjak njarita, sarta lamoen perloe, leuwih hade singkahan bae. Oepama pohara matak wirangna, leuwih hade menta dioeroeskeun bae ka pangadilan sa-koemaha mistina.

Ibadah teh oelah ngan ka deungeun bae, tapi ka batoer saimah oge koedoe. Aja djalma noe katjida mohona kana ibadah di loerah, ari di imahna sorangan henteu.

Aja deni anoe sabalikna, di imahna ibadah, ari di loerah mah henteu. Djeung aja deui noe ibadah kakapeungan. Pang aloes-aloesna mah ibadah teh dimana bae djeung iraha bae. Lamoen aja ibadah pilihheun, heula-keun ibadah ka tatangga. Ari ibadah noe sadjatina mimitina di imahna heula.

Ibadah henteu bisaen kabarengan reudjeung tjedik. Noe koret ana noeloengan noe kasagara ngan oekoer tamba henteu bae, sabab noeloengan anoe kitoe mah gede deuitna.

Samboengan.

Kabar dagang.

BATAWI

Kopi Rob. Pal.	Dit.	Naw.	Lak.
Maart	—	—	63 ¹ / ₂
Mrt/Apr	—	—	f 63 ¹ / ₂
Pedes hideung	—	—	f 169 ¹ / ₂
Pedes bodas	—	—	f 267 ¹ / ₂ nom.
Karet Sheets	f 0,75	—	—
Minyak acrah A	—	f 1.80	—

Soerabaja.

Goela pasir No. 1 naw. 15—15¹/₂ dit. 14¹/₂—15

No. 2 naw. 14¹/₂ dit. 14¹/₂ Karot Sheets Crepes f 0.74 nom. Perdagangan teu rame.

KABAR

(Tina s. k. saes)

M. Adjeng Herlaot geus njeun kontrak djeung firma "Beka" pikeun oembang njeunna plat mesin ngomong (gramofon) M. Adjeng Herlaot meunang f 3000.— ti firma "Beka" djeung f 25 tina hidji plat

Djoeragan H. Soetadi lid Volksraad ngaloeurkeun hidji poestaka mangsa basa Jawa ngaranna "Kawi" Noe djadi redakteurna Djr. Dr. Poerbatjara raka M Ng. Dwidjowijoto. M. Ng. Djojosegito, R. Sastruwirjo djeung H. Soetadi.

Perserikatan Minahasa teu daek ngahidji djeung pagoejoeban federatie P. P. K. I. koe lantaran teu panoedjoe kana eusina soerat ideran ti federatie tea, tapi erek digawe babarengan djeung federatie dina "perloena."

Di Bali katjoektjroek doea pagoejoeban rasiah noe diadegkeun koe hidji bangsa Djawa aal ti Modjokerto. Bangsa menak Bali oge rta noe asoep kana eta pagoejoeban.

Lidna ± aja 700. Possurna eta pagoejoeban ajana di Den Pasar (Bali Kidool. Pikeun ngadajja nisi aja karosoehan sardadoe ti Malang geus indit ka Bali.

Dina pc8 Minggu 4 Maart '28 di Bandoeng aja vergadering P. N. I. babarengan djeung P. S. I. "Pasoeendan" djeung "Boedi Ostomo."

Noe saroeumping ± aja 600. Noe djadi Voorzitter Djr. Soekarno. Noe ditjeritakeun perkara Studenten di Nagri Walanda noe ditangkepan. Vergadering moepakat mere pitoeloeung ka eta Studenten djeung hajeun noehoen ka Toean Duyster advocaat noe ngabantoe ka eta Studenten.

Stationchef S. di Trenggalek geus make doerit S. S. reana ± f 2000. S. katangkep di Madioen rek ka Soerabaja. S. ngakoe geus make eta doerit pikeun maen sarta eta doerit teu njesa asapereser atjan.

Kabel kawat telepon di sasak Gondolajoe (Djogja) geus aja noe neuktauk. Sigana eta teh djelema noe hajang males kateungeunah.

Hidji oerang Batawi di kampoeng Kroekeot geus ngamoek make bedog sarta ngadek pamadjananana djeung 22 djelema sedjen. Djelema noe taratoe dibawa ka roemah sakit. Aja hidji noe maot.

Toeloej eta noe ngamoek ditjekel koe hidji koesir sarta noe ngamoek tea pada nareungeunan. Polisi noeloengan noe ngamoek sarta dibawa ka kantor polisi

Mr. Fuchter noe didakwa geus nipoes, koe Raad van Justitie Semarang dihoekoem 1¹/₂ taheun sarta dina djoer 5 taheun dilarang ngadjalankeun pagawean advocaat.

M tros P. F. de Vreeke geus ragrag ti kapal "Castor" ka Isoet keur waktos rek ngangkat kapal "Zee-meuw" noe titeuleum denkeut Soerabaja tea. Eta matros teu kateoeloeungan sarta majitna tatjan kapanggih.

Lotre doerit gedana samalioen roepia geus diidinan koe Direktoer Justitie babakoena keur roemah boedak pahatoe di Soerabaja; Boedi-Ostomo, Darmo. Woro djeung rea deui pagoejoeban sedjen noe meunang bagian tina beubeunangan eta lotre.

Di Afrika kidool, kapanggih hidji tanah noe rea pisan inten djeung brilliantana. Pamarentah Afrika kidool tatjan bisa netepkeun saha noe rek ngala eta permata na partikoelir eta wae Goeparamen. Oepama dibikeun ka bangsa partikoelir tangloe harga permata toeroenna gede pisan.

Direktoer, procuratiehouder djeung boedjang Incassokantoor di Goudsche Singel (Nederland) geus ditangkep, lantaran make doerit f 150.000.

Bedjana kaum Wahabi ngoempolkeun sardadoe denkeut wates Koweit rek ngabantoe Koweit. Sardadoe

Inggris ti Hindoestan, geus dikirim ka Koweit pikeun ugadajja.

Kontrak antara Mesir djeung Inggris koe Pamarentah Mesir teu bisa ditarima lantaran bakal ngakanggoo kana kamerdikaan Mesir, nja eta babakoena tina perkara Sardadoe Inggris noe koedoe tjitjing di Mesir.

Studenten di Cairo iring-iringan nembongkeun kakeueul ka Inggris. Di hareupeun imahna Zoghul-Pasja almarhoem bantrok djeung polisi, lantaran istrina Zoghul Pasja rek njarita ka Studenten tea.

Lima djelema tateo djeung rea noe ditangkep.

Sarwar Pasha Minister President Mesir rek eureun sarta samemehna rek bebodja ka Hooge Commiesaris Inggris di Mesir Lord Lloyd, jen Pamarentah Mesir teu moepakat kana rantjang eta kontrak. (Ind. Court.)

Pagoejoeban BOEDI KAPRIJIAN Tasikmalaja.

Ngaloeurkeun Kitab Lajang Sjeh Abdoel Kodir Djalani, dina aksara Walanda (100 hikajat Lajang sareng 50 hikajat Ma nakib ± 2500 pada).

Koemargi njitakna henteu rea babakoena keur elidna, tiasa dja-di seepeun noe kapandeurian peenna.

Pangoes f 2,50 henteu didjilidan f 3.— didjilidan djabi ongkos.

Adres oepami bade pesen ka:

Rd. Kartadibrafa
Secretaris B. K.
Kalektoran
TASIKMALAJA.

Schoonmakerij en Kleermakerij "Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roep-roep taksoekan aggeueun pameget atanapi moerangkallib modelna tiasa noemoelkeun sakoemaha kapala, sareng disajagkeun roep-roep la-wonna.

Oge njalagan slop-slop, sendal-sendal spate-spateoetoe koe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopah boeloeoedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea

O. Sasmita.

N. B.

Toedoeng Panama	f 8.—
noe didamel tina palm	f 8.—
" " " djabel	f 2,50
strobot (pamoelana)	f 0,25

TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)

Djaman kamadjoean, kitoe deui sjeuna pikeun ngentongkeun kana per-djalanan, disajagkeun Autobus anoe brangkat ti Bandoeng, Bandoeng—Limbangan—Malangbong Tasikmalaja.

Tasikmalaja ± djam 4 endjing noe mios ka Cheribon.

" " " 8 siang noe mios ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja ± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja

± 8 siang " " " " ti Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal ± djam 6 mios ka Karangnoenggal

± 1 " " " " ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

± 9 " " " " " " " " ± 1 siang " " " " Sadaja autobus brangkatna ti paje neun toke BENG.

INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 3, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.

Toko Boekoe

WEBER

DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.


Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . . f 1,50

Walanda-Soenda 3 f 0,75

Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda f 0,75

Pikeun Cursus sareng Sakola kengang potongan 15%



Toko Oedong Makerij HALIM



West Pasar straat 16 Bandoeng

Salamina njajagkeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roep-roepi batikan sapertos batik Tjamis Solo Banjoeana s.d. ngawitan pangoes f 2,25 f 2,50 f 3.— f 3,50 f 5.— sareng salerana noemoelkeun keemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangoes f 2.— f 3,50 f 4.— f 5.— Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 " " " " " " " " f 2,25
1 " " " " " " " " f 2,50

Model wiron tambah dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Sareng njajagkeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangoes f 2,50 f 3.— f 3,50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloeher ieu keulan.

Njajagkeun deui roep-roepi batikan, noe sae noe kasarna roep-roepi pangoes: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjamis, Tasik, Banjoeana, Djoeana enz.